



KONNEN TÈT OU NAN ZAFÈ FINANS

Si oumenm oswa yon moun ou konnen se yon viktim vyolans nan kay, gen èd ki disponib pou sa.

Nan ka ijans rele 911

Pou lòt sèvis Minisipalite Vil la, rele 311

Toulède ofri
èd nan tout lang.

www.nyc.gov

FASON POU PWOTEJE NIMEWO SEKIRITE SOSYAL OU

Li enpòtan tou pou kenbe nimewo Sekirite Sosyal (SSN) ou an sekre. Itilizasyon SSN yon lòt moun se yon zak ki pa mache avèk lalwa.

- › Pa mete SS ou sou ou—mete li yon kote ki pwoteje
- › Pa kite okenn moun konnen SS ou
- › Sonje SSN ou pakè
- › Pa kite okenn moun konnen SSN pitit ou yo—menm moun ki nan lekòl yo

SI OU SISPÈK OU SE YON VIKTIM ABI FINANSYE OSWA VÒL IDANTITE

Moun yo ka rete nan yon relasyon kote yo viktim abi paske yo pè pou yo pa vin gen endepandans finansye si yo kite moun nan.

Minisipalite Vil New York la pou ou ede ou. Rele 311 pou pran yon randevou gratis ak sekre nan yon Sant Endepandans Finansye kote yon konseye kapab ede ou pran kontwòl finans ou.

Yon konseye finansye kapab ede ou:

- › Pran kontwòl dèt ou
- › Negosye avèk ajans rekouvreman dèt yo
- › Fè kredi ou vin pi bon
- › Kreye yon bidjè
- › Louvri yon kont labank
- › Kòmanse yon fon pou ijans
- › Ekonomize lajan epi planifye pou avni nou



Fason pou Rekonèt Abi Finansye ak Vòl Idantite nan Relasyon ou



Michael R. Bloomberg
Mayor

**Mayor's Office to
Combat Domestic
Violence**

Yolanda B. Jimenez
Commissioner

**Department of Consumer Affairs
Office of Financial Empowerment**

Jonathan Mintz
Commissioner

Moun ki viktim vyolans nan kay oswa abi finansye ka chèche jwenn èd tou nan yon **Sant Jistis pou Fanmi [Family Justice Center (FJC)]**. Nan yon FJC, ou kapab rankontre avèk yon responsab dosye ki kapab mete ou an kontak avèk founisè sèvis sosyal, avoka sivil, avoka imigrasyon, pwokirè, ak ofisye **NYPD (Depatman Lapolis New York)** ki espesyalize nan ede moun ki viktim nan vyolans nan kay ak fanmi yo.

Rele 311 pou jwenn adrès yon FJC ki toupre ou.

Yo bay tout tou sèvis yo an sekre.



Michael R. Bloomberg
Mayor

**Mayor's Office to
Combat Domestic
Violence**

Yolanda B. Jimenez
Commissioner



Foundation

KISA ABI FINANSYE YE?

FASON POU REKONÈT ABI FINANSYE NAN RELASYON OU

Ou ka arisk si patnè ou oswa moun pwòch ou fè nenpòt sa ki anba la a:

- › Di konsa ou pa kapab fè sa poukont ou oswa ou pa kapab sipòte tèt ou
- › Mete ou sou yon alokasyon ki pa rezonab oswa ba ou oswa pitit ou refi pou lajan oswa pou bezwen enpòtan yo
- › Fè ou konnen ou pa entèlijan ase pou fè aritmetik oswa pou peye bòdwo yo
- › Pran desizyon yo konsènan lajan san patisipasyon ou
- › Sere enfòmasyon finansye yo oswa kourye ou pou pa jwenn yo
- › Entèdi ou gen aksè nan kont labank kay la
- › Fache kont ou lè ou poze kesyon sou lajan oswa sou bòdwo yo
- › Itilize lajan pou menase ou
- › Detwi byen pèsònèl ou
- › Anpeche ou ale lekòl oswa nan travay, oswa anpeche ou wè fanmi ou ak zanmi ou
- › Fòse ou travay, kontwole kote w ap travay la, oswa refize travay oswa refize kotize nan kay la
- › Pran chèk peman ou oswa lajan ou
- › Louvri yon kont labank sou non ou epi fè espre pou ekri chèk san pwovizyon nan kont lan
- › Imite siyati ou oswa fòse ou siyen dokiman ou pa konprann

Pafwa kapab gen abi finansye san entansyon pou fè yon moun mal—tankou itilizasyon non pitit ou yo, patnè ou oswa paran ou yo pou louvri yon kont nan sèvis piblik. Men sa toujou reprezante ABI FINANSYE ak VÒL IDANTITE.

Abi finansye kapab pa posib pou remake—sa rive lè yon lòt moun di ou sa ou kapab achte ak sa ou pa kapab achte oswa fòse ou pataje kontwòl lajan ou ak kont labank ou. Nan okenn moman, yon moun ou renmen pa gen dwa pou itilize lajan ou oswa li pa gen dwa pou di ou kijan pou depanse li, kèlkeswa kantite lajan ou genyen an gwo oswa piti.

KISA VÒL IDANTITE YE?

Vòl idantite se yon fòm abi finansye ki komen anpil. Se lè yon moun itilize enfòmasyon pèsònèl ou san pèmisyon ou pou jwenn yon kat kredi, sèvis piblik tankou kouran elektrik oswa gaz, avantaj piblik, lajan prete, yon telefòn selilè, oswa menm lè moun nan vin manm nan yon jimnazyòm.

Kèk nan enfòmasyon pèsònèl ou pa ta janm dwe kite lòt moun konnen se nimewo Sekirite Sosyal ou ak dat ou fèt.

Si yon moun itilize enfòmasyon ou san konsantman ou se vòl idantite sa ye, menmsi moun ki itilize enfòmasyon yo se moun ki pwòch ou—yon madanm/mari, patnè, pitit, paran oswa frè/sè.

SIY AVÈTISMAN VÒL IDANTITE

- › Patnè ou, pitit ou, oswa moun k ap pran swen ou kòmanse depanse plis lajan toudenkou pase jan li te konn fè sa anvan epi li refize pale sou sa avèk ou.
- › Ou kòmanse resewva bòdwo, koutfil, oswa kourye konpayi kat kredi oswa ajans rekouvremant dèt konsènan kont ki louvri sou non ou oswa sou non pitit ou san ou pa t aplike pou yo
- › Bòdwo sèvis piblik oswa bòdwo kat kredi rive ta oswa yo pa rive ditou
- › Chanjman ou pa abitye wè oswa retrè lajan ki parèt sou kat kredi ou oswa nan etadkont labank ou
- › Kont labank ou bloke oswa yo sezi salè ou—sa vle yo voye salè ou dirèkteman ba yon ajans rekouvremant dèt pou ranbouse yon dèt
- › Ou jwenn refi pou kredi oswa pou sèvis piblik, oswa ou jwenn refi lojman oswa pou yon djòb akòz move kredi
- › Patnè ou oswa moun pwòch ou mande ou pou siyen dokiman ou pa konprann

Yon moun kapab itilize vòl idantite tou pou pouswiv ou—pou kontwole kisa, kilè ak kijan ou depanse lajan ou, epi menm chèche konnen kote w ap viv.

Vòl idantite kapab gen move konsekans sou notasyon kredi ou tou.

Gen abi finansye nan 98% tout relasyon abizif yo.

BWI-KOURI

- › Si mwen marye, madanm/mari mwen kapab louvri yon kat kredi oswa aplike pou jwenn lajan prete sou non mwen.
- › Si mwen nan yon relasyon, mwen responsab pou lajan patnè mwen dwe.

REYALITE

- › Okenn moun pa kapab itilize non ou pou louvri yon kont oswa pou jwenn yon li kredi.
- › Plizyè eta swiv plizyè kalite lwa lè li konsène dèt moun fè pandan yon relasyon.

KISA YON NOTASYON KREDI YE?

Yo kalkile notasyon kredi yo selon istwa kat kredi ou, kantite lajan ou dwe, ak enfòmasyon tankou fayit oswa peman anreta.

Yon notasyon kredi se yon chif ki reprezante posiblite pou yon moun ap peye dèt li. Bank yo, mèt kay yo, patwon yo ak lòt moun itilize li pou detèmine risk pou prete yon patikilye lajan. Se rezon ki fè li enpòtan anpil pou ou se sèl moun ki itilize enfòmasyon pèsònèl ou nan zafè lajan ak nan zafè finansye.

KIJAN POU KONNEN SI YON MOUN T AP ITILIZE ENFÒMASYON OU YO

Sèl fason pou konnen toutbon si vòl idantite oswa dèt domaje kredi ou se chèche jwenn yon rapò kredi. Yon rapò kredi se yon lis tout kredi ak lajan ki prete sou non ou.

Gen twa (3) ajans kredi: Experian, Equifax, ak Transunion. Ou kapab kontakte touletwa pou mande rapò kredi ou—ki gratis yon fwa chak ane—pou ou ak pou pitit ou yo.

Experian

1-888-397-3742
TDD: 1-800-972-0322
www.experian.com

Equifax

1-800-685-1111
TDD: 1-800-255-0056
www.equifax.com


Transunion

1-800-888-4213
TDD: 1-877-553-7803
www.transunion.com

Ou ka kontakte ajans kredi yo apa oswa ou ka ale nan sitwèb www.annualcreditreport.com.

Si ou jwenn nenpòt nan sa ki endike anba la a sa kapab yon siy vòl idantite:

- › Notasyon kredi ki ba
- › Enfòmasyon pèsònèl ki pa egzat—non, adrès, elatriye
- › Kont ou pa rekonèt oswa ou pa sanble louvri
- › Peman ki anreta oswa peman ki pa fèt, tranzaksyon ou pa t fè sou kont ou rekonèt



FASON POU PWOTEJE TÈT OU LÈ W AP SÒTI NAN YON RELASYON ABIZIF

Anvan ou kite:

- › Sere nenpòt lajan ou kapab kote se oumenm sèlman ki konnen kote pou jwenn li
 - › Chèche jwenn yon adrès postal ki pwoteje—tankou kay yon zanmi oswa yon manm fanmi ou fè konfyans
 - › Chanje tout modpas ak PIN ou
 - › Louvri yon nouvo kont imèl
 - › Achte yon telefòn selilè ki peye davans
 - › Chèche konnen kote ou mete tout dokiman enpòtan yo lakay ou
- Lè w ap kite, pran sa ki endike anba la a—sa ki pou ou sa ki pou pitit ou—pou pote:
- › Kat bankè oswa kat kredi, kanè chèk
 - › Etadkont labank, fòm deklarasyon taks sou revni, souch chèk peman
 - › Kontra lwaye oswa prè ipotekè
 - › Dosye asirans ak dosye medikal
 - › Batistè, dokiman maryaj ak dokiman imigrasyon
 - › Lisans chofè, kat ID, paspò, kat SS
 - › Kopi souch peman chèk patnè a oswa fòm deklarasyon taks sou revni li

SI OU SISPÈK OU SE YON VIKTIM ABI FINANSYE OSWA VÒL IDANTITE

Moun yo ka rete nan yon relasyon kote yo viktim abi paske yo pè pou yo pa vin gen endepandans finansye si yo kite moun nan.

Minisipalite Vil New York la pou ou ede ou. Rele 311 pou pran yon randevou gratis ak sekre nan yon

Sant Endepandans Finansye kote yon konseye kapab ede ou pran kontwòl finans ou.

Yon konseye finansye kapab ede ou:

- › Pran kontwòl dèt ou
- › Negosye avèk ajans rekouvreman dèt yo
- › Fè kredi ou vin pi bon
- › Kreye yon bidjè
- › Louvri yon kont labank
- › Kòmanse yon fon pou ijans
- › Ekonomize lajan epi planifye pou avni nou

Si oumenm oswa yon moun ou konnen se yon viktim vyolans nan kay, gen èd ki disponib pou sa.

Nan ka ijans rele 911

Pou lòt sèvis Minisipalite Vil la, rele 311

Toulède ofri
èd nan tout lang.

www.nyc.gov



Kèk Etap Senp pou Anpeche Abi Finansye ak Vòl Idantite



Michael R. Bloomberg
Mayor

**Mayor's Office to
Combat Domestic
Violence**

Yolanda B. Jimenez
Commissioner

**Department of Consumer Affairs
Office of Financial Empowerment**

Jonathan Mintz
Commissioner

Moun ki viktim vyolans nan kay oswa abi finansye ka chèche jwenn èd tou nan yon **Sant Jistis pou Fanmi [Family Justice Center (FJC)]**. Nan yon FJC, ou kapab rankontre avèk yon responsab dosye ki kapab mete ou an kontak avèk founisè sèvis sosyal, avoka sivil, avoka imigrasyon, pwokirè, ak ofisyè **NYPD (Depatman Lapolis New York)** ki espesyalize nan ede moun ki viktim nan vyolans nan kay ak fanmi yo.

Rele 311 pou jwenn adrès yon FJC ki toupre ou.

Yo bay tout tou sèvis yo an sekre.



Michael R. Bloomberg
Mayor

**Mayor's Office to
Combat Domestic
Violence**

Yolanda B. Jimenez
Commissioner



Foundation

ELEMAN DEBAZ YO: ABI FINANSYE AK VÒL IDANTITE

Gen abi finansye lè yon moun itilize lajan oswa machandiz pou kontwole yon lòt moun.

Vòl idantite se yon fòm abi finansye ki komen anpil—se lè yon moun itilize enfòmasyon pèsònèl ou, tankou nimewo Sekirite Sosyal ou oswa dat ou fèt, san pèmasyon ou, menmsi moun ki itilize enfòmasyon yo se yon moun ou fè konfyans oswa yon moun ou depannde li pou pran swen ou.

Ki enfòmasyon ou ta dwe kenbe an sekre?

Nan kè sikonstans, li ka nesèsè pou bay enfòmasyon prive ou ba madanm/mari ou, patwon ou, doktè ou oswa labank ou. Li kapab difisil pou konnen ki enfòmasyon pou kenbe an sekre ak ki enfòmasyon ou ka bay.

Gid ki anba la yo se gid jeneral pou pwoteje idantite ou ak kredi ou. Pa bliye, ka gen kèk eksepsyon, men sekirite ou ta dwe toujou gen priorite.

PA JANM

- ✘ PA JANM kite lòt moun konnen etadkont ouwa nimewo kont labank ou, sèvis piblik ou, oswa avantaj piblik ou
- ✘ PA JANM kite lòt moun konnen batistè ou, papyè maryaj ou, lisans chofè ou, paspò ou, dokiman imigrasyon ou, kat asirans ou oswa kat avantaj piblik ou, ni nimewo Sekirite sosyal (SSN) ou
- ✘ PA JANM bay SSN pitit ou—menm lekòl yo pa bezwen enfòmasyon sa yo
- ✘ PA JANM prete lòt moun kat kredi ouwa kat debi ou epi PA JANM bay yon moun yon chèk vyèj
- ✘ PA JANM mete SSN ou, dat ou fèt, nimewo lisans chofè ou, oswa adrès ou sou chèk yo—epi achte chèk yo nan bank ou sèlman
- ✘ PA JANM itilize modpas ouwa PIN ki fasil pou moun sipoze—pa itilize non jèn fi manman ou, non bèt kay ou pi renmen, dat anivèsè nesans, elatriye
- ✘ PA JANM kite lòt moun konnen modpas ou—pa kite modpas ou yo ekri yon kote lòt moun ka jwenn yo
- ✘ PA JANM itilize menm modpas pou plis pase yon kont ouwa sitwèb
- ✘ PA JANM louvri yon imèl yon moun ou pa konnen voye ba ou—sitou si imèl endike ou genyen lajan nan lotri ouwa gwo lo lotri, ouwa si imèl la mande ou lajan ouwa enfòmasyon pèsònèl ou
- ✘ PA JANM mete dat anivèsè nesans ou—sitou ane a—kote ou fèt, ouwa nimewo telefòn ou nan sitwèb rezo sosyal tankou Facebook ouwa Twitter

TOUJOU

- ✓ TOUJOU kreye yon bidjè—konnen kantite lajan ki antre lakay ou chak mwa epi ki kote lajan an prale
- ✓ TOUJOU tcheke bòdwo yo ak etadkont yo pou ogmantasyon ki fèt toudenkou nan depans yo ak/oswa nan frè pou peye ou pa rekonèt
- ✓ TOUJOU dechikte ouwa chire tout dokiman ki gen nimewo kont ou, SSN ou, dat ou fèt, adrès ou, nimewo telefòn ou, oswa lòt enfòmasyon pèsònèl ou anvan ou jete yo nan fatra
- ✓ TOUJOU itilize chwa elektwonik ouwa mande pou resevwa etadkont ou yo sou fòm elektwonik, si li posib
- ✓ TOUJOU enskri non ou pou depo dirèk nan travay ouwa oswa nan ajans avantaj gouvènman si ou gen yon kont labank
- ✓ TOUJOU gade yon rapò kredi pou tèt ou ak pou pitit ou yo omwen yon fwa chak ane pou asire pa gen okenn chanjman nan kredi ou ki san eksplikasyon
- ✓ TOUJOU kenbe kopi dokiman enpòtan ou yo ak dokiman enpòtan pitit ou—paspò, batistè, papyè maryaj, dosye prè ipotèk dosye medikal, elatriye—epi konsève yo nan yon kòf sekirite ouwa nan yon bwat nan Biwo Lapòs
- ✓ TOUJOU efase dokiman pèsònèl ki nan yon òdinatè piblik ouwa komen, epi dekonekte lè ou fini
- ✓ TOUJOU itilize kat kredi ouwa kat debi pa ou pou achte sou Entènèt epi TOUJOU itilize sitwèb ak òdinatè pwoteje ki gen dènye lojisyèl anti-virüs ak dènye lojisyèl anti-espion—yon sitwèb ki pwoteje ap kòmanse avèk <https://>; sonje pou dekonekte nan sitwèb yo lè ou fini epi pa ache sou Entènèt nan òdinatè piblik yo
- ✓ TOUJOU dekonekte epi bloke òdinatè ou lè ou fin itilize li
- ✓ TOUJOU chanje modpas ou yo souvan—ekri yon nòt nan kalandriye ou pou fè sa yon fwa chak mwa
- ✓ TOUJOU bloke telefòn selilè ou avèk yon modpas

KONSÈY POU FÈ OPERASYON LABANK ENTÈLIJAN

- › Louvri kont labank ou—nan non ou sèlman. Ou kapab fè sa menm avèk yon ti kantite lajan
- › Fè kòmman chèk vyèj yo nan bank ou
- › Mete kanè chèk ou yon kote ki pwoteje

Sonje, avèk sèlman yon ti kantite enfòmasyon, nenpòt moun—menm yon moun ki pwòch ou—kapab vòlè idantite ou epi domaje notasyon kredi ou.

Yon notasyon kredi se yon chif ki reprezante posiblite pou yon moun ap peye dèt li. Bank yo, mèt kay yo, patwon yo ak lòt moun itilize li pou detèmine risk pou prete yon patikilye lajan. Se rezon ki fè li enpòtan anpil pou ou se sèl moun ki itilize enfòmasyon pèsònèl ou nan zafè lajan ak nan zafè finansye.

Pou tcheke si kredi ou domaje, ou kapab jwenn yon rapò kredi nan youn nan twa (3) ajans kredi yo: Experian, Equifax, ak Transunion. Yon rapò kredi se yon lis tout kredi ak lajan ki prete sou non ou.

Ou kapab kontakte touletwa pou mande rapò kredi ou—ki gratis yon fwa chak ane—pou ou ak pou pitit ou yo.

Experian

1-888-397-3742
TDD: 1-800-972-0322
www.experian.com

Transunion

1-800-888-4213
TDD: 1-877-553-7803
www.transunion.com

Equifax

1-800-685-1111
TDD: 1-800-255-0056
www.equifax.com

Ou ka kontakte ajans kredi yo apa ouwa ou ka ale nan sitwèb www.annualcreditreport.com.

Si ou jwenn nenpòt nan sa ki endike anba la a sa kapab yon siy vòl idantite:

- › Notasyon kredi ki ba
- › Enfòmasyon pèsònèl ki pa egzat—non, adrès, elatriye
- › Kont ou pa rekonèt ouwa ou pa sanble louvri
- › Peman ki anreta ouwa peman ki pa fèt, tranzaksyon ou pa t fè sou kont ou rekonèt



REPARASYON AK REDRÈSMAN FINANSYE

Si oumenm oswa yon moun ou konnen se yon viktim vyolans nan kay, gen èd ki disponib pou sa.

Nan ka ijans rele 911

Pou lòt sèvis Minisipalite Vil la, rele 311

Toulède ofri
èd nan tout lang.

www.nyc.gov

PWOTEJE IDANTITE OU PANDAN SEPARASYON OU OSWA DIVÒS OU

Si ou marye oswa si w ap viv avèk patnè ou epi si ou pral nan yon divòs oswa nan yon separasyon, li enpòtan pou pwoteje tèt ou kont posiblite pou li ka itilize enfòmasyon pèsònèl ou annapre pou vòlè idantite ou—sa kapab rive menmsi relasyon an fini nan bon rapò.

Lè ou kòmanse yon pwosesis separasyon oswa divòs, sonje pou pale avèk avoka ou konsènan finans ou—fason oumenm ak patnè ou te jere lajan, kimoun ki responsab pou sa, epi ki dèt nou te gen ansanm oswa apa pandan nou t ap viv ansanm.

Sonje pou pwoteje idantite pitit ou yo tou—ou kapab tcheke yon rapò kredi nan non yo nan twa (3) ajans kredi yo.

SI OU SISPÈK OU SE YON VIKTIM ABI FINANSYE OSWA VÒL IDANTITE

Moun yo ka rete nan yon relasyon kote yo viktim abi paske yo pè pou yo pa vin gen endepandans finansye si yo kite moun nan.

Minisipalite Vil New York la pou ou ede ou. Rele 311 pou pran yon randevou gratis ak sekrè nan yon Sant Endepandans Finansye kote yon konseye kapab ede ou pran kontwòl finans ou.

Yon konseye finansye kapab ede ou:

- Pran kontwòl dèt ou
- Negosye avèk ajans rekouvreman dèt yo
- Fè kredi ou vin pi bon
- Kreye yon bidjè
- Louvri yon kont labank
- Kòmanse yon fon pou ijans
- Ekonomize lajan epi planifye pou avni nou



**Mayor's Office to
Combat Domestic
Violence**

Michael R. Bloomberg
Mayor


**Department of Consumer Affairs
Office of Financial Empowerment**

Jonathan Mintz
Commissioner

Moun ki viktim vyolans nan kay oswa abi finansye ka chèche jwenn èd tou nan yon Sant Jistis pou Fanmi [Family Justice Center (FJC)]. Nan yon FJC, ou kapab rankontre avèk yon responsab dosye ki kapab mete ou an kontak avèk founisè sèvis sosyal, avoka sivil, avoka imigrasyon, pwokirè, ak ofisye NYPD (Depatman Lapolis New York) ki espesyalize nan ede moun ki viktim nan vyolans nan kay ak fanmi yo.

Rele 311 pou jwenn adrès yon FJC ki toupre ou.

Yo bay tout tou sèvis yo an sekrè.



Fason pou Repare Kredi ki Domaje ak Fason pou Vin Gen Kontwòl Idantite Finansye Ou Ankò



Michael R. Bloomberg
Mayor

**Mayor's Office to
Combat Domestic
Violence**

Yolanda B. Jimenez
Commissioner



OU SE YON VIKTIM VÒL IDANTITE

...si yon moun te itilize nimewo Sekirite Sosyal (SSN) ou, dat ou fèt oswa nenpòt lòt enfòmasyon pèsònèl ou jwenn kat kredi, avantaj piblik, lajan prete, telefòn selilè, oswa menm pou moun nan vin manm yon jimnazyòm nan non ou san pèmisyon ou.

Si ou vin konnen ou se yon viktim **vòl idantite**, gen kèk etap ou kapab fè pou **repare** kredi ou epi pou **repran kontwòl** finans ou ak idantite ou.

PREMYE ETAP YO:

- › Rele konpayi kredi ou dwe a, moun ki gen non yo sou kont lan, ak bank yo pou fè yo konnen ou se yon viktim yon vòl idantite
- › Fèmen kont moun ki vòlè idantite ou a ka jwenn epi louvri nouvo kont
- › Separe tout kont komen yo epi retire non ou ladan yo si li posib—kat bankè, kat kredi, sèvis piblik yo, elatriye
- › Chanje modpas yo oswa PIN yo
- › Mande yon nouvo kat bankè, kat debi ak kat kredi—menmsi ou pa t janm gen kont sa yo ansanm avèk moun ki vòlè idantite ou a
- › Sonje pou gen yon adrès ki pwoteje kote ou kapab resevwa kourye ou oswa sonje pou gen yon bwat nan Biwo Lapòs
- › Rele 311 pou pran yon randevou nan yon Sant Endepandans Finansye Vil New York ki toupre ou
- › Fè yon plent pou vòl idantite nan jiridiksyon lapolis zòn ou epitou fè yon plent pou vòl idantite nan Komisyon Federal Komès [Federal Trade Commission (FTC)]

Si ou pa fè yon rapò nan lapolis sa kapab fè pwosesis pou repare kredi ou ak pwosesis pou repran kontwòl idantite ou pran plis tan ak pi difisil.

Lè ou rapòte vòl idantite ou se sèl fason pou lave non ou epi pou vin gen endepandans finansye.

Si ou pa rapòte vòl idantite a sa vle di ou pran responsablite pou kont yo ak dèt ki pa pou ou.

POU FÈ YON RAPÒ NAN LAPOLIS

Ou ale nan nenpòt jiridiksyon—pote enfòmasyon ki endike anba la yo:

- › Ki vòl ki te fèt
- › Lè vòl la te fèt
- › Fason ou te vin konnen vòl la
- › Deklarasyon sou sèman konsènan vòl idantite a nan FTC, si ou deja gen youn

Si ou fè yon rapò epi si ou lave non ou, li ka pi fasil pou lwe apatman oswa kay ou, pou aplike pou avantaj gouvènman, epitou pou jwenn yon djòb.

Dèt ki sou non ka lakòz tribinal pwononse jijman kont ou. Yo kapab bloke kont labank ou oswa yo kapab sezi salè ou—sa vle di yo voye salè ou dirèkteman ba yon ajans rekouvremant dèt pou ranbouse yon dèt.

FASON POU REPRAN KONTWÒL

Si rapò kredi ou montre kèk siy vòl idantite, ou ta dwe fè aksyon ki endike anba la yo:

Alèt pou Fwod

Ou gen dwa pou mande twa (3) ajans kredi yo pou mete yon alèt pou fwod sou dosye ou. Sa ap fè posib enstitisyon ou dwe lajan yo—konpayi kat kredi, bank yo, enstitisyon ki prete moun lajan, elatriye—konnen ou se yon viktim vòl idantite.

Gen twa (3) kalite alèt pou fwod. Yon premye alèt pou fwod dire 90 jou, epi yon alèt pou fwod pou pi lontan dire sèt (7) ane. Ka gen yon ti frè pou peye, men si ou gen yon rapò lapolis, sèvis la gratis.

Entèdiksyon pou Bay Rapò Kredi

Yon entèdiksyon pou bay rapò kredi ap anpeche ajans kredi yo pibliye rapò kredi ou san ou pa konnen jouk lè ou retire entèdiksyon an—yon etap ou kapab fè depi ou repare kredi ou. Men, sonje si ou itilize yon entèdiksyon pou bay rapò kredi sa kapab bay reta nan apwobasyon nouvo demann ou yo—kont labank, kat kredi, lajan prete, sèvis gouvènman, elatriye.

Deklarasyon sou Sèman pou Vòl Idantite

Ou kapab kontakte Komisyon Federal Komès pou fè yon Deklarasyon sou Sèman pou Vòl Idantite—yon dokiman ou kapab itilize pou rapòte enfòmasyon an ba anpil konpayi. Sa ap senplifye pwosesis pou alète konpayi kote yon nouvo kont te louvri nan non viktim nan. Anvan sa, viktim vòl idantite yo te gen pou ranpli yon fòm rapò apa pou chak kont ki gen fwod vòlè idantite a louvri.

Pou jwenn yon kopi fòm Deklarasyon sou Sèman pou Vòl

Idantite, kontakte:
Federal Trade Commission
1-877-438-4438
TDD: 202-326-2502
www.ftc.gov/bcpt/edu/resources/forms/affidavit.pdf

FWOD NAN SEKIRITE SOSYAL

Si ou vin konnen yon moun te itilize nimewo Sekirite Sosyal ou, rele oswa imèl Administrasyon Sekirite Sosyal:
1-800-269-0271 | www.ssa.gov/oig/hotline

FASON POU REPAIRE KREDI KI DOMAJE

Sèl fason pou konnen toutbon si ou se yon viktim vòl idantite se chèche jwenn yon rapò kredi nan youn nan twa (3) ajans kredi yo: Experian, Equifax, ak Transunion.

Ou kapab kontakte touletwa pou mande rapò kredi ou—ki gratis yon fwa chak ane—pou ou ak pou pitit ou yo.

Experian

1-888-397-3742
TDD: 1-800-972-0322
www.experian.com

Equifax

1-800-685-1111
TDD: 1-800-255-0056
www.equifax.com

Transunion

1-800-888-4213
TDD: 1-877-553-7803
www.transunion.com

Ou ka kontakte ajans kredi yo apa oswa ou ka ale nan sitwèb www.annualcreditreport.com.

Si ou jwenn nenpòt nan sa ki endike anba la a sa kapab yon siy vòl idantite:

- › Notasyon kredi ki ba
- › Enfòmasyon pèsònèl ki pa egzat—non, adrès, elatriye
- › Kont ou pa rekonèt oswa ou pa sanble louvri
- › Peman ki anreta oswa peman ki pa fèt, tranzaksyon ou pa t fè sou kont ou rekonèt